



Pou Piblikasyon Imedya: 04/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO DEKLARE ETA DIJANS ATRAVÈ VIL NEW YORK, LONG ISLAND AK WESTCHESTER

Yo Pibliye Rekòmandasyon pou Vwayajè yo soti 9 è a.m. rive 4 è p.m. Jodi a - Ap Gen Van k ap Rete ant 40-48 Kilomèt Alè ak Rafal Van jiska 96 Kilomèt Alè

Yo Prevwa Move Tan Ekstrèm lan pral Kreye Vwal Blan Danjre; Yo Prevwa Tanperati Aswè a ak pandan Lannwit yo pral Lakoz gen Glas Nwa Danjre; Li Posib pou gen Inondasyon sou Zòn Kòt yo

Ayewopò JFK a Fèmen; LaGuardia pral Anile plis pase 95 Pousan Vòl li yo; Ayewopò MacArthur la pral Anile Tout Vòl li yo

Pak Eta nan Long Island yo ap Fèmen

Gouvènè a pral Aktive Sant Operasyon Dijans Eta a nan Nivo 4 Siveyans Ranfòse

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te deklare yon eta dijans atravè Vil New York, Long Island ak Westchester. Anplis de sa, yo te pibliye yon rekòmandasyon pou vwayajè yo soti 9 è a.m. rive 4 è p.m. epi yo atann pi move tan ap kòmanse apati 9 è a.m. rive 2 è p.m. Yo prevwa van ap rete ant 40-48 kilomèt alè avèk rafal van jiska 96 kilomèt alè atravè tout rejyon sid eta a. Yo prevwa sistèm kotye a pral pote 6 a 10 pous nèj nan Vil New York; 4 a 8 pous nan Konte Nassau; 9 a 12 pous nan Konte Suffolk; ak 4 a 8 pous pou Konte Westchester. Sistèm lan pral kreye kondisyon tanpèt nèj ki ka lakoz van voye poudri nèj ak vwal blan nan wout yo, li posib pou gen inondasyon sou zòn kòt yo tou epi tanperati yo ka bese anpil pandan lannwit lan, sa k ap lakoz fòmasyon glas nwa danjre.

Yè, Gouvènè a te aktive Sant Operasyon Dijans Eta a nan Nivo 4 siveyans ranfòse a pou kontwòl kondisyon tanpèt nèj ki potansyèlman danjre k ap soti nan de sistèm presyon fèb diferan - youn k ap apwoche soti onò ak yon lòt k ap afekte zòn kotyè yo - ansanm ak tanperati glasyal ki pral simaye nan eta rive nan wikenn lan.

“Nan prezans kondisyon tanpèt nèj sa a ak tanperati glasyal sa yo, mwen ap deklare yon eta dijans pou tout Vil New York, Long Island ak Westchester epi m ap ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete lakay yo, pa rete sou wout yo, epi rete an sekirite”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou pral kontinye siveye tanpèt la epi nou te deplwaye anpil santèn resous ak pèsònèl toupatou atravè eta a ak nan Long Island, yo tout prè pou yo

reponn epi ede kominote ki sibi enpak yo. Mwen ap mande Nouyòkè yo pou yo rete enfòmè, rete an sekirite epi asire yo prepare yo pou fredri a ak nèj la.”

Tanperati ki gravman frèt ak refwadisman ewolyen pral kontinye rive nan wikenn lan epi avètisman pou refwadisman ewolyen yo ap rete an vigè pou tout Rejyon Nò New York la. Yo prevwa sistèm k ap soti onò a ap pote 8-10 pous nèj tou nan zòn rejyon nò eta a kote tipikman lak yo gen efè sou nèj la. Sistèm presyon fèb yo anvè lenò epi k ap monte sou zòn kòt Atlantik la pral pote nèj toupatou atravè Eta New York la apati jodi a rive nan wikenn lan. Pou antre nan wikenn lan, yo prevwa tanperati aktik yo pral kontinye avèk majorite eta a ki pral wè tanperati yo sèlman rive nan chif mwens pase dis pou pi wo epi refwadisman ewolyen ap osi ba ke 40 degre mwens ke zewo.

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services)

Gouvènè Cuomo te aktive Sant Operasyon Dijans Eta New York la (New York State Emergency Operations Center) jedi maten nan Nivo 4 mòd Siveyans Ranfòse a avèk anplwaye Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta a - Biwo Jesyon Ijans lan yo (Office of Emergency Management, OEM).

OEM Eta a prè pou yo reponn a demann pou asistans avèk resous k ap soti nan estokaj rezèv li yo, ki gen ladan 678 dèlko, 235 poto limyè, 909 ponp, 9 aparèy pou ranpli sak sab, plis pase 930,000 sak sab, plis pase 46,700 repa ki tou prepare, prèske 70,000 boutèy ak 312,000 kanèt dlo, prèske 9,000 kabann pòtatif, plis pase 11,000 dra ak zòrye, prèske 4,000 flach, 960 baryè sikilasyon, 594 baril sikilasyon, ak 6,800 pye baraj aqua dam.

Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT)

Depatman Transpò Eta New York lan pare pou reponn avèk plis pase 1,555 gwo kamyon chari/baskil, 205 kamyon chari/baskil mwayen, 325 kamyon chajè, 39 kamyon/kamyon chajè ki gen ekipe ak souflez nèj, 52 charyo remòkaj, 20 nivelez ak 14 kamyon ranmasaj ki gen chas nèj. DOT gen tou plis pase 366,000 tòn sèl pou wout ki disponib. DOT ap kontinye siveye previzyon metewo yo epi li rete pare pou transfere resous yo jan sa nesèsè nan nenpòt zòn nan eta a ki antisipe kondisyon metewo konsiderab yo.

Gouvènè Cuomo te anonse resamman ke Depatman Transpò Eta te achte 44 chari a de etaj ki pou netwaye nèj ak glas ki sou wout yo yon fason ki pi efikas. Yon dezyèm chari te sitiye dirèkteman deyè lam metal chari prensipal lan li pral konfòm a sifas wout lan, retire plis nèj pou kapab netwaye sifas wout lan epi pèmèt itilizasyon sèl ki redwi. Nouvèl chari yo pral lokalize yon fason estratejik atravè Eta a epi yo pral itilize yo nan lokal ki vize yo kote yo prefere mwens itilizasyon sèl akòz faktè anviwònmanal yo.

Y’ap raple tout otomobilis pou yo rele 511 pou verifye 511NY, oubyen ale sou www.511ny.org avan yo vwayaje. Sèvis gratis sa pèmèt itilizatè yo tcheke kondisyon wout yo ak enfòmasyon sou transpò. Itilizatè mobil yo ka telechaje gratis aplikasyon mobil 511NY la apati iTunes oswa Google Play stores. Kounye a aplikasyon an ofri yon mòd Kondui (Drive), ki sonnen pou avèti moun k ap kondui sou yon wout si gen ensidan osinon konstriksyon. Itilizatè yo ka fikse yon destinasyon anvan yo kòmanse kondwi epi resevwa enfòmasyon pou jiska twa wout.

Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA)

Pon ak Tinèl MTA

Li pwobab pou gen rediksyon vitès jiska 32 kilomèt alè sou tout Pon ak Tinèl MTA yo. Pano mesaj varyab yo pral poste restriksyon yo pandan y ap fèt. Yo konseye otomobilis yo pou yo pran prekosyon epi tcheke mizajou lokal yo pandan tout jounen an. Pon MTA yo gen sansè entegre sou wout yo pou kontwòl tanperati ak sansè atmosferik an sifas k ap bay enfòmasyon nan tan reyèl sou vitès van, direksyon van, imidite ak presipitasyon atravè kominikasyon san fil. Sansè yo anrejistre done yo itilize pou detèmine si li nesèsè pou mete restriksyon sou vitès yo. Yo pral alète anplwaye dirijan yo, Sant Kòmand lan prè pou l opere biwo metewolojik yo, epi tout ekipman ak materyèl yo deja prè pou deplwaman. Pon ak Tinèl MTA yo gen 8,540 tòn dejivrè pou wout yo ak 106 pyès ekipman pou konbat nèj ki an sèvis epi ki disponib pou operasyon lit kont nèj yo, ki gen ladan kamyon konvwayè, chajè sou kawoutchou, chajè frontal ak charyo.

Long Island Rail Road (LIRR)

LIRR antisipe pou yo pakouri sèvis nòmal yo, depandaman de jan kondisyon yo ye. Piske sekirite se premye priyorite pou LIRR, anplwaye yo pral siveye tanpèt la pandan l ap pwogrese epi fè ajisteman jan sa nesèsè.

LIRR pral pran mezi prevantativ pou jere akimilasyon nèj la, ki gen ladan aktivasyon ekipman chofaj ak deplwaman ekipman pou fonn glas yo. Yo pral itilize radyatè egijay yo pou fè egijay ray yo kontinye mache san pwoblèm pou tren yo ka chanje soti nan yon vwa ale nan yon lòt. Tren ki gen antijèl yo pral fonksyone jan sa nesèsè pou ede evite twazyèm ray la fè glas epi pou asire tren elektrik yo ka rale kouran nan yon fason apwopriye. Sal datant estasyon yo ap rete ouvè pou piblik la vennkat sou vennkat akoz de fredri a epi yo pral rete disponib pou pasaje transpò piblik yo jiska lendi 8 Janvyè a, se lè sa orè nòmal sal datant estasyon an pral rekòmanse.

LIRR deja gen plizyè diferan tip ekipman prè pandan tanpèt la pou asire vwayaj ak operasyon yo fèt an tout sekirite, ki gen ladan 1 milyon liv dejivrè, 25 yad kib sab, twa souflez a nèj ki itilize lè frè, kat tren dejivrè, nèf souflez jèt/font nèj ki atache sou ray yo, 12,000 radyatè/font nèj pou twazyèm ray la, 108 radyatè/font nèj, de epandè pou egijay ray yo, ak sèt souflez a nèj/bale-souflez ki atache a ray yo, yon epandè ki atache a ray yo, ak sèt chas nèj/epandè sèl demontab. LIRR genyen tou de ekskavatè, de charyo elevatè, 31 chajè, 42 barikad, ak 29 veyikil travay/kamyon pou ede ak zafè ki an rapò ak kondisyon move tan an yo.

Yo ap konseye kliyan yo pou yo pèmèt tan adisyonèl pou yo rive nan estasyon an epi pou yo pran prekosyon lè y ap mache sou eskalye ak platfòm tren yo ak lè y ap monte ak desann tren yo pou si atè a ta ka glise. Kliyan yo ka enskri pou yo resevwa sèvis Alèt pa Imèl/Mesaj Tèks pou Kliyan LIRR yo pou yo ka gen dènye enfòmasyon sou chanjman ki gen rapò ak tanpèt la sou: <http://mymtaalerts.com/LoginC.aspx>. Kliyan yo ka tcheke sitwèb MTA/LIRR la pou avi sou sèvis yo sou www.mta.info/lirr.

Metro-North

Metro-North Railroad ap bay reta akoz de kondisyon van ak nèj sou liy Hudson lan. Kèk tren gen dwa melanje oswa anile sèvis yo, yo ap ankouraje pasaje yo pou yo vizite mta.info pou yo jwenn dènye enfòmasyon ki pi ajou yo.

Konpayi tren an ap deplwaye anplwaye adisyonèl ak ekipman espesyalize epi yo pral pote apeprè 1,500 pèsònèl adisyonèl pou ogmante kouvèti ozalantou sistèm lan. Moun k ap fè antretyen yo, travayè ray yo ak pèsònèl kouran yo pral sou plas pou jere pwoblèm ki gen rapò ak move tan tankou ray ki kase yo, pwoblèm kondiktè elektrik yo, pàn egijaj yo.

Pou konbat eleman yo, Metro North genyen plis pase 900 pyès ekipman pou lite kont tanpèt ki gen ladan: 220 souflez a nèj pòtatif, 3 motè a reyaksyon ki alimante souflez a nèj/font nèj yo, 6 souflez a nèj ki itilize lè frè (pou ray yo), 2 bale-souflez a nèj ki atache sou ray yo, 635 radyatè/font nèj pou egijaj ray yo, 196 dèlko pòtatif, 35 chas nèj nan kamyon pickup, 70 chas nèj/epandè sèl demontab ak 767,000 liv sèl.

NYC Subways ak Staten Island Railway

Depatman Subway Transpò Komen Vil New York (New York City Transit, NYCT) MTA a ak Staten Island Railway ap fonksyone anba Plan Klima Frèt la (Cold Weather Plan) nan kad previzyon anpil akimilasyon nèj la. Nan kad plan sa a, yo pral deplase tren subway yo epi estoke yo anba tè pou evite nèj lou ak glas tonbe sou yo epi pou anpeche yo bloke nan lakou triyaj la. Sou liy ki gen sèvis dirèk yo, tren yo ka opere sèvis lokal sèlman pandan chanjman sa a. Yo pral deplwaye ekipaj estasyon yo pou netwaye nèj ak mete sèl sou platfòm yo, ansanm ak antre estasyon yo, fant twotwa yo, sòti ijans yo ak lòt enstalasyon operasyonèl Transpòt Komen an ak enstalasyon anplwaye yo. Yo pral sispann operasyon lavaj mobil pou estasyon yo ak tren ki pote fatra yo pandan tan sa a. Pèsònèl yo pral aktive 500 radyatè pou egijaj ray yo, plis pase 1,600 radyatè pou twazyèm ray la ak radyatè pou ray levaj yo toupatou atravè sistèm lan. Byenke pati nan sistèm subway a ki anba tè a pa afekte lè gen tanpèt yo, gen prèske 354 kilomèt ray anplennè ki pase atravè katye yo epi ki patikilyèman vilnerab a nèj ak presipitasyon vèglasant, tankou liy Rockaway AS, Sea Beach N, Flushing 7, Brighton BQ ak Dyre Av 5 lan yo. Pou konbat akimilasyon glas, tren ki pa pote pasaje yo pral opere kontinyèlman sou ray anplennè yo pou ede kont akimilasyon nèj ak glas sou ray yo. Yo pral deplwaye tren ki gen sabo ki ka grate glas yo tou, epi yo pral aktive tren ki itilize dyezèl yo kòm dejivrè. Pèsònèl yo pral gen aksè a 600,000 liv klori kalsyòm ak 200,000 liv sab pou fonn nèj ak glas.

Staten Island Railway pral pwoteje tren yo konte move tan lè yo estoke yo nan espas St. George la. Yo pral mete anplwaye travay nan yon tren dejivrè pandan 24 è, epi yo pral aktive anplwaye adisyonèl pandan lannwit yo pou netwaye nèj ak mete sèl sou platfòm yo. Yo pral deplwaye pèsònèl adisyonèl pou enspekte kat anklanchman enpòtan epi regilatè yo pral opere plis pase 80 radyatè pou egijaj yo pou asire sèvis yo kontinye sou wout tren an, kote y ap opere sou ray anplennè pandan majorite pakou li.

W ap jwenn plis enfòmasyon sou kijan NYC Subways ap prepare pou klima sezon ivè a nan videyo sa a ki sou chèn YouTube MTA a.

Konpayi Bis NYCT a ak Bis MTA a

Tout bis atikile yo pral gen chèn pou konbat nèj ozalantou kawoutchou yo kòmanse jedi maten, 4 Janvyè a. Bis estanda yo pral gen kawoutchou tout sezon oswa kawoutchou nèj. Yo pral deplase chasè nèj yo soti mèkredi swa, 3 Janvyè a, rive vandredi maten, 5 Janvyè a. Yo pral deplwaye anplwaye dirijan yo ak anplwaye nan

biwo siveyans satelit yo soti mèkredi swa rive vandredi matin. Depatman Bis yo (Department of Buses) gen plis pase 357,000 liv sèl jèm ak 100 pyès ekipman pou konbat nèj tankou kamyon remòkaj ki prè pou deplwaman.

Paratranzit (transpò adapte)

Founisè sèvis yo pral rete an kontak ak Sant Komand Transpò Adapte a (Paratransit Command Center), epi ekipman pou retire nèj ak sèl yo deja prè pou deplwaman nan etablisman transpò yo. Ap gen anplwaye sant dapèl yo ak anplwaye dirijan adisyonèl k ap an sèvis. Yo mezire kawoutchou nèj pou plis pase 1,200 veyikil Transpò Adapte. Jou jedi 4 Janvye a ak jou vandredi 5 Janvye a, vwayaj yo rezève atravè founisè e-hail, kupon ak koutye yo pral limite apre 9 è p.m. Kliyan Transpò Adapte yo dwe atann plis reta nan tan vwayaj yo pandan peryòd move tan an. Si akimilasyon nèj la depase sis pous, kliyan Transpò Adapte yo dwe konsidere repwograme vwayaj yo amwenske li nesesè pou rezon medikal.

Port Authority New York ak New Jersey

Ayewopò rejyonal yo - LaGuardia, ak Newark Liberty rete ouvè pandan matin an - avèk anpil reta ak plizyè anilasyon. JFK te fèmen akòz van t ap voye poudri nèj. *Li pwobab pou tout ayewopò yo fèmen akòz move tan ekstrèm lan.* Yo ankouraje vwayajè yo pou yo kontakte konpayi avyon yo pou detèmine estati vòl yo avan yo rive nan ayewopò yo.

- Yo anile 95 pousan vòl LaGuardia yo
- JFK fèmen
- Yo anile 73 pousan vòl Newark yo

Anplis de sa, gen restriksyon sou vitès ki an plas sou pon Otorite Pòtyè yo akòz gwo van ak vizibilite a ki fèb.

- Van an 40 kilomèt alè sou Pon Staten Island lan yo (Outerbridge, Goethals ak Bayonne)
- Van an 56 kilomèt alè sou Pon George Washington lan (GWB) (twotwa sou GWB a fèmen)

Port Authority gen ekipman nèj ak founiti annapre sa yo ki pare nan prensipal enstalasyon transpò li yo:

- Plizyè santèn pyès ekipman pou nèj ak glas nan ayewopò li yo, tankou aparèy pou fonn nèj ki kapab fonn apeprè 500 tòn nèj alè, ak chas-nèj ki kapab retire nèj a 64 kilomèt alè
- Prèske 100 pyès ekipman nèj nan pon ak tinèl yo, ki gen ladan Pon George Washington lan
- Plizyè milye tòn sèl ak sab pou wout ayewopò yo ak pakin, plis plizyè milye tòn sèl pou pon ak tinèl yo
- Plizyè milye galon likid sibstans chimik anti-jèl nan ayewopò yo, k ap anpeche nèj ak glas anvayi pis avyasyon ak wout taksi yo, plis plizyè milye tòn dejivrè solid, k ap kase glas ak nèj ki deja nan tè a;

- Tren ki gen chas nèj, tren ki gen ajan likid pou fonn nèj ak yon chas nèj ki gen “motè a reyaksyon” pou retire nèj nan pakou PATH (Port Authority Trans-Hudson) ray yo.
- Chas nèj, souflez a nèj ak epandè pou netwaye antre estasyon yo ak wout ki sèvi 13 estasyon ki sou pakou PATH la, ak plizyè enstalasyon sipò

Port Authority a konseye vwayajè yo pou yo kontakte konpayi transpò yo pou yo konnen si avyon yo an ap vole anvan y ale nan ayewopò a. Si nesèsè, Port Authority a egalman prè pou akomode pasajè ki gen biyè avyon yo ki ka vin bloke nan ayewopò yo. Port Authority a ap ankouraje moun k ap vwayaje nan bis yo pou yo kontakte konpayi transpò yo anvan y ale nan estasyon otobis yo, paske anpil konpayi transpò piblik ak prive ka anile sèvis yo si kondisyon yo mande sa. Ajans lan tou ka oblije yo bese limit vitès nan pasaj li yo, oswa fèmen yo nèt, si kondisyon move tan yo mande sa.

Otorite Thruway (Thruway Authority)

Otorite Thruway a gen plis pase 667 sipèvizè ak operatè ki prè pou deplwaye 246 gwo chas nèj, 113 chas nèj mwayen ak 10 charyo remòkè ak 52 chajè toupatou atravè eta a ak plis pase 103,249 tòn sèl pou wout yo ki disponib sou plas. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab, Anons Radyo sou Otowout la (Highway Advisory Radio) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou otowout Thruway yo.

Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje aplikasyon mobil li yo, ki disponib pou download gratis sou aparèy [iPhone](#) ak [Android](#). Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa imèl TRANSalert k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a [isit la](#). Pou tout dènye enfòmasyon yo an tan reyèl, otomobilis yo ka suiv nou sou Twitter nan [@ThruwayTraffic](#) oswa lè yo vizite www.thruway.ny.gov pou yo wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway, ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

Li enpòtan pou chofè sou tout wout konnen chas-nèj woule nan vitès jiska 56 kilomèt — sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki endike a — pou yo ka asire sèl yo simen an rete nan vwa otomobil yo epi pa dispèse andeyò wout la. Kote ki pi pa gen danje pou chofè yo se dèyè chas-nèj yo kote wout la klè ak sale.

Lapolis Eta ak Gad Nasyonal (National Guard)

Lapolis Eta New York totalman ekipe pou tanpèt lan, epi yo pral ap siveye de prè kondisyon wout yo pou kapab deplase patwouy yo nan zòn ki afekte yo jan sa nesèsè. Yo te teste tout machin 4X4 yo, veyikil pou nèj yo, ansanm ak lòt ekipman yo, epi yo pare pou deplwaman. Gad Nasyonal New York la prè pou yo ede kominote toupatou atravè eta a yo alavans move tan sezon ivè a, epi li prè pou mete Fòs Repons Imedya (Immediate Response Forces) disponib nan Sant Rezèv Fòs Lame nan Farmingdale la (Farmingdale Armed Forces Reserve Center), Sit Fòmasyon Camp Smith lan (Camp Smith Training Site), Baz Gad Nasyonal Ayeryèn Gabreski a (Gabreski Air National Guard Base) nan Westhampton Beach ak Baz Gad Nasyonal Ayeryèn Stewart la (Stewart Air National Guard Base) nan Newburgh, N.Y. Ototal, gen 180 pèsonèl ak 34 veyikil militè blende ak 6 kamyon ki pral disponib pou deplwaman nan zòn sid eta a.

Panifye Alavans

Men ki konsèy Gouvènè Cuomo ofri tou pou sekirite moun k ap prepare pou vwayaje pandan sezon ivè an:

Vwayaje ak Prekosyon

Prepare machin ou kounye a pou asire w machin ou nan kondisyon pou l byen fonksyone lè w plis bezwen l. Fè yon mekanisyon tcheke bagay annaprè yo nan machin ou:

- Batri
- Waypè ak likid pou lave winshil machin
- Antifriz
- Sistèm alimaj
- Tèmosta
- Limyè
- Sistèm echapman
- Kliyotan pou detrès
- Chofaj
- Fren
- Dejivrè
- Nivo lwil
- Enstale bon kawotchou nèj. Asire ke kawotchou yo gen ase semèl. Tout tanperati radyal yo jeneralman adekwat pou pifò kondisyon ivè. Ou ka vle tou gen yon pè chèn pou kawotchou nan machin ou pou lè gen gwo nèj.
- Kenbe yon gratwa pou vit machin ak yon ti bale pou retire glas ak nèj epi kenbe tank gaz ou omwen amwatye pandan tout sezon ivè a.
- Finalman, planifye vwayaj long yo ak anpil prekosyon. Koute rapò medya lokal yo oswa rele ajans sekirite piblik yo pou dènye enfòmasyon sou kondisyon wout yo.

Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò.

Anvan ou kondui:

- Bay tèt ou plis tan pou rive kote ou prale a. Asire w ke machin ou gen materyèl dijans tankou lenn, yon pèl, flach ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Kenbe tank gaz ou plen pou evite gazolin nan friz.
- Si ou gen telefòn selilè oswa yon wòki tòki disponib pou w sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè w tout lè wap vwayaje. Si w ta vin bloke, wap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou kote w ye.
- Asire w ke yon moun konnen plan vwayaj ou.

Pandan w ap kondui:

- Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon tan.
- Kite machin ou lwen glas ak lanèj - bon vizyon enpòtan pou kondui byen.
- Planifye arè w yo epi kite plis distans ant machin yo.

- Pa bliye, pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo.

Si ou nan blakawout:

- Rele sèvis elektrisite a dabò pou konnen orè reparasyon zòn nan. Etenn oswa deploge limyè ak aparèy menaje pou pa kite yon sikwi chaje twòp lè yo repare sèvis la. Kite yon limyè limen pou endike lè yo repare kouran an.
- Pou kapab ede anpeche tiyo yo konjle, ouvè wobinè yo tou piti. Dlo ki ap kouri yo pa konjle rapidman menm jan.
- Kite pòt frijidè ak frizè fèmen otank posib pou ede redui kantite manje k ap gate.
- Pwoteje tèt ou nan anpwazònman avèk monoksid kabòn:
- Pa limen dèlko yo anndan kay; motè a ap emèt gaz monoksid kabòn ki danjere pou lavi moun.
- Pa itilize chabon pou kwit manje andedan kay la. Sa ka lakòz tou akimilasyon gaz monoksid kabòn.
- Pa itilize fou a gaz pou chofe kay ou an -- itilizasyon yon fou ki louvri pandan twòp tan nan yon kay ki fèmen kapab kreye gaz monoksid kabòn.
- Asire w ke aparèy chofaj espas gaz yo te itilize ak bon sistèm vantilasyon.

Sekirite avèk Dèlko

- Anvan ou enstale yon dèlko, asire ou dekonekte sèvis kouran elektrik ou kòrèkteman. Si li posib, fè yon elektrisyen kalifye enstale dèlko a pou ou.
- Fè dèlko a mache deyò, nan sans van an avèk fondasyon kay la. PA JANM fè yon dèlko mache andedan kay ou. Gaz monoksid kabòn ki ka touye moun k ap sòti nan lafimen dèlko a kapab simaye toupitou nan espas ki fèmen yo. Enstale yon detektè monoksid kabòn.
- Konbistib ki tonbe sou yon dèlko cho kapab lakòz yon eksplozyon. Si dèlko ou gen yon tank gaz detachab, retire li anvan ou replen li. Si sa pa posib, etenn dèlko a epi kite li refwadi anvan ou replen li.
- Pa depase kalibraj dèlko a. Pifò ti dèlko pòtatif pou itilize nan kay pwodui ant 350 ak 12.000 wat enèji. Si ou mete twòp chaj sou dèlko a sa kapab domaje dèlko a ak aparèy menaje ki konekte sou li yo, epitou sa ka lakòz dife. Swiv enstriksyon manifakti a.
- Kenbe timoun yo lwen dèlko yo toutan.

Anpwazònman akòz Monoksid Kabòn

Anpwazònman nan monoksid kabòn se yon asasen silansye, ki touye apeprè 1.000 moun chak ane nan peyi Etazini. Bagay komen sa yo tankou lafimen machin, sistèm chofaj nan kay ak chemine ki bouche kapab pwodui gaz ki san koulè ak san odè. Gaz la kapab pwodui nan dèlko ki pa byen ayere, radyatè kewozèn, griy ki fonksyone avèk gaz ak lòt atik ki sèvi pou kwit manje ak chofaj lè yo mal itilize yo pandan mwa livè yo.

- Pa janm fè yon dèlko mache andedan kay ou. Louvri yon fenèt apèn lè w ap itilize yon radyatè kewozèn.
- Pa janm itilize chabon pou kwit manje andedan kay la.
- Pa janm itilize yon fou-a-gaz pou chofe kay ou.

- Sentòm anpwazònman nan monoksid kabòn gen ladann anvi dòmi, maltèt ak vètij. Si ou sispèk ou anpwazonnen nan monoksid kabòn, ayere zòn nan epi ale nan yon lopital.

Pwoteksyon kon Ensendi

- Toujou mete yon griyaj pwoteksyon otou yon flanm dife.
- Pa janm itilize gazolin pou fè dife nan yon fwaye.
- Pa janm boule chabon anndan kay.
- Pa janm fèmn etiv la lè sann yo cho.
- Lè w ap itilize lòt kalite sous chofaj tankou yon chemine, fou ki fonksyone avèk bwa, elatriye, toujou asire ou gen bon jan vantilasyon. Kenb rido, sèvyèt ak manchon pwoteksyon lwen sifas cho.
- Fè tcheke chemine w avan sezon an kòmanse pou akimilasyon kreyozòt-- epi apres a netwaye l.
- Gen yon ekstenktè ak detektè lafimen – epi asire w yo fonksyone
- Etabli yon wout evakyasyon ki byen planifye avèk tout fanmi an.

Chofaj Kewozèn

- Swiv enstriksyon manifakti a.
- Itilize sèlman konbistib ki bon pou inite ou a.
- Remete konbistib deyò sèlman epi lè inite a frèt sèlman.
- Kite radyatè a sou yon distans omwen twa pye avèk mèb ak lòt objè ki ka pran dife yo.
- Lè w ap itilize radyatè a, itilize pwoteksyon kont dife epi ayere yo kòrèkteman.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418